

AVI KONJWEN POU PRATIK KONFIDANSYALITE

AVI SA A DEKRI FASON NOU KA ITILIZE AK PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO—TANPRI PRAN SAN W POU LI L.

Avi sa a sèvi kòm yon avi konjwen pou lopital, etablisman ak pwofesyonèl swen sante ki afilye ak BJC Health yo ak Washington University School of Medicine (ansanm ki se "nou" nan dokiman sa a) sou pratik konfidansyalite nou ki gen pou wè ak enfòmasyon medikal yo. Nou mete an plas youn oswa plizyè akò pou swen sante òganize. Se pa tout etablisman nou yo ki patisipe nan chak nan akò pou swen sante òganize sa yo. Espesyalman, tout lopital ak pwofesyonèl swen sante ki afilye ak BJC Health yo patisipe nan yon akò pou swen sante òganize ansanm; nan kad yon lòt akò pou swen sante òganize ki se yon souzansanm nan lopital ak pwofesyonèl swen sante ki afilye ak BJC Health ki patisipe avèk Washington University School of Medicine. Sa vle di enfòmasyon medikal ou ka pataje ant moun k ap patisipe nan chak nan akò sa yo pou rezon ki gen pou wè ak aktivite yo ansanm antanke sistèm sante entegre, ki gen ladan l bay tretman, pou zafè peman, epi pou aktivite swen sante ki vas, ki ka gen ladan l egzamen konjwen itilizasyon, akreditasyon, edikasyon, jesyon risk, sekirite pasyan, evalyasyon kalite, ak aktivite amelyorasyon. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan politik BJC Health yo sou akò pou swen sante òganize yo, ki disponib nan lyen sa a BJC.org/patients-visitors/our-policies.

N ap respekte kondisyon ki nan Avi sa a lè nou pataje oswa revele enfòmasyon medikal ou yo ant nou menm ak lòt lòt antite yo. Piske nou konsève enfòmasyon medikal yo apa, nou ap reponn kesyon, demann, ak plent ou yo konsènan enfòmasyon medikal ou yo apa.

OBLIGASYON NOU KONSÈNAN ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO

Lalwa mande nou pou nou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon medikal pwoteje w yo, pou nou enfòme w sou obligasyon legal sa yo, epi pou nou mete w okouran apre enfòmasyon medikal pwoteje ki pa sekirize yo fin pran lari. Avi sa a eksplike fason, ki lè, ak rezon ki fè nou jeneralman itilize ak pataje enfòmasyon medikal yo, ak dwa ou genyen pou enfòmasyon medikal ou yo rete konfidansyèl. Nan Avi nou an, nou rele itilizasyon ak pataj enfòmasyon medikal yo "Pratik Konfidansyalite" nou. Enfòmasyon medikal pwoteje yo jeneralman gen ladan yo enfòmasyon nou kreye oswa resevwa ki idantifye ou menm ak eta oswa swen sante ou oparavan, kounye a, oswa pi devan, oswa swen sante yo ba w oswa ou peye pou li. Nou oblije respekte Pratik Konfidansyalite sa yo apati dat antre an vigè ki endike pi ba a.

KI MOUN K AP RESPEKTE AVI SA A

Avi nou an se yon Avi Konjwen, epi n ap respekte kondisyon ki nan Avi sa a. Avi sa a dekri Pratik Konfidansyalite BJC Health ak filyal ki pou li nèt epi etablisman ak pèsònèl ki afilye ak li yo ("sit ki afilye ak BJC yo") nou dekri nan lis ki nan lyen sa a BJC.org/patients-visitors/patient-privacy, ak Pratik Konfidansyalite Washington University School of Medicine ak filyal ki pou li nèt yo ak etablisman ak pèsònèl ki afilye ak li yo. "Pèsònèl" gen ladan l pwofesyonèl swen sante, anplwaye, ak benevòl nenpòt antite ak etablisman Avi sa a konsène.

CHANJMAN NAN AVI SA A

Nou rezève nou dwa pou nou chanje Pratik Konfidansyalite nou yo ak kondisyon ki nan Avi sa a. Si nou fè chanjman materyèl nan Avi sa a, n ap ba ou Avi ki revize a nan rann li disponib pou ou lè w mande sa epi nan pibliye li sou sit sèvis nou an. N ap pibliye Avi revize a tou sou sitwèb nou yo. Nenpòt chanjman nou fè nan Pratik Konfidansyalite nou yo ap afekte nenpòt enfòmasyon medikal pwoteje nou konsève.

FASON NOU KA ITILIZE AK PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU SAN KONSANTMAN OSWA OTORIZASYON OU ALEKRI

Pou Tretman, Peman ak Aktivite Swen Sante

- **Pou Tretman Ou** Nou ka itilize ak/oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk pwofesyonèl swen sante yo ak lòt pèsònèl ki enplike nan swen ou epi k ap ba ou tretman oswa sèvis medikal. Pa egzanp, si w te fè operasyon oswa ou

fenk fè yon tibebe, nou ka kontakte yon ajans ki bay swen sante adomisil pou nou fè aranjman pou sèvis adomisil oswa pou verifye retablisman ou apre w fin kite lopital la.

- **Pou Peman Sèvis Medikal** Nou ka itilize ak/oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou n faktire ak resevwa peman pou sèvis ou resevwa nan men nou. Pa egzanp, nou ka bay sèvis faktirasyon ak reklamasyon nou an enfòmasyon medikal ou yo pou prepare yon fakti oswa relve pou voye ba ou, konpayi asirans ou an, san wete Medicare oswa Medicaid, oswa yon lòt gwoup oswa moun ki gendwa responsab pou peye sèvis medikal ou yo.
- **Pou Aktivite Swen Sante Nou yo** Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou nou mennen kèk aktivite administratif, finansyè, jiridik, ak aktivite amelyorasyon kalite ki nesèsè pou nou jere antrepriz nou yo epi kore aktivite tretman ak peman nou yo. Pa egzanp, nou ka itilize ak/oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou ede evalye kalite ak pèfòmans doktè nou yo ak pèsònèl la epi amelyore sèvis nou bay yo. Pou n pi presi, nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk doktè, pwofesyonèl medikal, oswa lòt pwofesyonèl sante oswa antrepriz pou revizyon, konsiltasyon, konparezon ak planifikasyon. Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou yo nan kad pwogram fòmasyon nou yo epi pou aktivite ki gen pou wè ak akreditasyon, sètifikasyon, bay lisans, oswa kalifikasyon. Mete sou sa, nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk moun ki fè odit, kontab, avoka, regilatè gouvènman, oswa lòt konsiltan pou evalye ak/oswa asire nou respekte lwa yo oswa pou reprezante nou devan otorite reglemantè oswa lòt otorite gouvènans oswa òganis jidisyè yo.

Pou Aktivite Lalwa Otorize oswa Egzije

Gen sitiasyon kote Lwa sou Transferablite ak Responsablite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) otorize nou itilize ak/oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo san nou pa jwenn otorizasyon alekri ou anvan pou aktivite ki pa aktivite tretman, peman, ni aktivite swen sante. Eksepte pou sitiasyon espesifik kote lwa yo mande nou pou n itilize ak pataje enfòmasyon yo (tankou deklarasyon nesans bay depatman sante oswa rapò sou abi oswa neglijan bay sèvis sosyal), nou endike tout itilizasyon ak pataj HIPAA otorize yo nan seksyon sa a. Fòk nou respekte anpil kondisyon nan lwa a anvan nou pataje enfòmasyon ou yo pou rezon sa yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan lyen sa a [hhs.gov/hipaa/for-individuals/guidance-materials-for-consumers/index.html](https://www.hhs.gov/hipaa/for-individuals/guidance-materials-for-consumers/index.html).

1. Aktivite Sante Piblik Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo pou aktivite sante piblik, pa egzanp:

- avèk yon otorite sante piblik lalwa otorize pou ranmase oswa resevwa enfòmasyon pou siyale pami lòt bagay, maladi kontajye ak abi sou timoun
- avèk Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) Etazini pou siyale aparèy medikal oswa evènman ki gen pou wè ak pwodui
- pou avèti yon moun ki an kontak ak yon maladi kontajye
- avèk anplwayè w la si nou bay swen sou demann anplwayè w la ki gen pou wè ak chòk nan espas travay
- avèk lekòl ou a si yo mande prèv vaksinasyon

2. Pou Siyale Abi oswa Neglijan Potansyèl sou Granmoun Si nou panse yon pasyan viktim abi, neglijan, oswa vyolans domestik, nou ka avèti ajans gouvènman lalwa otorize pou resevwa rapò sou pwoblèm sa yo. Nan kèk sitiasyon, nou ka avèti ou anvan nou siyale pwoblèm sa yo.

3. Aktivite Siveyans Sante Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk yon ajans siveyans sante lalwa otorize pou kontwole sistèm swen sante a epi asire nou respekte kèk lwa.

4. Aktivite ki Gen Pou Wè ak Aplikasyon Lalwa Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo pou nou reponn asiyasyon pou konparèt, asiyasyon pou konparèt devan jiri, demann administratif, manda, egzijans ankèt, oswa demann enfòmasyon yon otorite lapolis pou idantifye oswa lokalize yon viktim, yon sispèk, yon moun ki nan mawon, yon temwen enpòtan, oswa yon moun ki disparèt (san wete moun ki mouri), pou siyale yon krim ki fèt nan lokal nou yo, oswa pou siyale yon krim ki petèt te lakoz yon nesèsite pou sèvis ijans yo. Si Washington University School of Medicine resevwa yon asiyasyon pou konparèt, sitasyon, asiyasyon pou konparèt devan jiri, òdonans tribinal, demann administratif, manda, oswa demann ankèt ki mande legalman pou Washington University School of Medicine pataje dosye medikal ou yo, Washington University School of Medicine ap fè tantativ pou l mete w

okouran anvan li pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk lapolis si Washington University School of Medicine gen otorizasyon pou fè sa.

5. Pwosedid Jidisyè oswa Administratif Nou pa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou nou reponn yon asiyasyon pou konparèt, òdonans yon tribinal oswa tribinal administratif, demann pou pataje dokiman, oswa lòt pwosesis legal nan kad yon pwosedid jidisyè oswa administratif. Washington University School of Medicine ap fè tantativ pou l ba w yon avi anvan li pataje enfòmasyon medikal ou yo sof si yon lòt pati ki enplike nan litij la ba w avi sa a epi/oswa yon li depoze yon òdonans pwoteksyon kalifye nan kad litij la.

6. Kowonè, Medsen Lejis, ak Direktè Ponp Finèb yo Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk kowonè, medsen lejis, ak direktè ponp finèb yo pou yo idantifye yon moun ki mouri oswa detèmine koz lanmò a.

7. Don Ògàn Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk yon òganizasyon ki responsab acha ògàn oswa lòt etablisman ki patisipe nan desizyon oswa ki pran desizyon pou acha, konsèvasyon, ak/oswa grèf ògàn oswa chè.

8. Rechèch Nou fè ak patisipe nan rechèch medikal, sosyal, sikolojik, ak lòt kalite rechèch. Pifò pwojè rechèch ki gen moun ki patisipe ladan yo, san wete anpil nan sila yo ki enplike itilizasyon enfòmasyon medikal yo, dwe pase nan yon pwosesis apwobasyon espesyal ki evalye pwojè rechèch yo pwopoze a ak itilizasyon enfòmasyon medikal li fè yo. Sepandan, nan kèk sikonstans, nou ka pataje enfòmasyon medikal yo avèk chèchè k ap prepare pou mennen yon pwojè rechèch pou ede yo detèmine si yon pwojè rechèch kapab reyalize oswa ap itil, depi enfòmasyon medikal yo egzamine yo pa kite lokal nou yo. Klinisyen nou yo ka ofri w opòtinite pou patisipe nan yon esè klinik (tretman eksperimantal) epi lòt chèchè yo ka kontakte ou pou yo konnen si w anvi patisipe nan pwojè rechèch yo. Enskripsyon ou nan yon pwojè rechèch ap fèt sèlman apre yo fin mete w okouran sou rechèch la, yo ba w okazyon pou poze kesyon epi ou siyen yon fòm konsantman. Lè rechèch la apwouve atravè yon pwosesis egzamen espesyal, li ka fèt avèk enfòmasyon medikal ou yo san konsantman ou.

9. Pwoteksyon Moun oswa Sekirite Piblik Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo si nou panse li nesèsè pou nou fè sa pou n ka evite oswa diminye yon gwo menas oswa malè pou piblik la oswa sante oswa sekirite yon lòt moun.

10. Fonksyon Gouvènman Espesyalize Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo pou bezwen sekirite gouvènmantal espesifik, oswa lè prizon yo bezwen yo.

11. Konpansasyon Travayè Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo pou nou respekte lwa sou konpansasyon travayè oswa pwogram ki menm jan yo.

12. Avèk Patnè Komèsyal yo Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk patnè komèsyal nou yo ki se moun oswa konpayi ki ba nou sèvis. Pa egzans, yon patnè komèsyal gen ladan l konpayi ki bay reklamasyon faktirasyon pou nou, yon konpayi lojisyèl ki ede nou voye rapèl konsènan randevou yo ba ou, ak lòt founisè sèvis yo. Nou mande pou patnè komèsyal yo pwoteje enfòmasyon ou yo.

13. Pou Enfòmè Ou sou Pwodui oswa Sèvis ki Gen pou Wè ak Sante Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou nou kontakte ou pou randevou medikal ou yo oswa lòt sèvis ki pwograme, oswa pou ba ou enfòmasyon sou lòt opsyon tretman oswa lòt avantaj oswa sèvis ki gen pou wè ak sante yo.

14. Avèk Paran ak Responsab Legal Minè yo Lè yon pasyan se yon minè ki poko dizuit lane, nou ka pataje enfòmasyon medikal minè a avèk paran oswa responsab legal pasyan an sof si lalwa anpeche sa nan yon lòt manyè.

15. Faktirasyon ak Rekouvremant Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou nou jwenn peman pou sèvis nou bay yo. Nou ka kontakte w nan imèl oswa telefòn sou nenpòt nimewo telefòn ou genyen, menm nimewo san fil yo. Nou ka itilize mesaj vokal ki anrejistre alavans oswa mesaj vokal atifisyèl ak/oswa aparèy pou konpozisyon nimewo otomatik pou nou fè apèl yo. Nou ka kite mesaj yo sou reponnè oswa bwat vokal, san wete nenpòt enfòmasyon lalwa egzije (tankou lwa sou rekouvremant dèt) ak/oswa konsènan nenpòt montan ou dwe. Pou nou kontakte ou, nou ka itilize nenpòt adrès imèl ou te bay pou nou voye mesaj tèks oswa imèl.

16. Levedfon Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon demografik ou yo, tankou non, adrès, oswa lòt enfòmasyon pou pran kontak, laj, sèks, ak dat nesans, dat ou te resevwa swen sante nan men nou; enfòmasyon sou depatman

ki bay sèvis la, enfòmasyon sou doktè ki fè tretman an, ak enfòmasyon sou rezilta yo pou nou kontakte w pou nou ranmase lajan pou n ka pousuiv oswa devlope aktivite swen sante nou yo. Ou gen dwa pou chwazi pa resevwa mesaj ki gen rapò ak levedfon sa yo. Si w vle pou nou kontakte w nan kad aktivite levedfon nou yo, tanpri kontakte moun ki mansyone nan Seksyon Kontak ki nan Avi sa a. Si w deside pou di ou pa vle pou nou kontakte w nan kad aktivite levedfon nou yo, sa p ap afekte ni sèvis ni peman ou.

Pa bliye si nou resevwa enfòmasyon ki gen rapò ak dyagnostik ou, pwonostik ou, oswa tretman pou yon twoub konsomasyon sibstans nan kad pwogram yo selon 42 CFR Pati 2 (“Dosye Pati 2 yo”), nou p ap ni itilize ni pataje Dosye Pati 2 ou yo, ni bay temwanyaj ki releye enfòmasyon ki nan Dosye Pati 2 ou yo, nan okenn pwosedi sivil, penal, administratif, oswa lejislatif kont ou sof si ou bay konsantman alekri pou yo pataje enfòmasyon sa yo (separe ak konsantman w lan pou nenpòt lòt itilizasyon oswa pataj), oswa si yo ba ou yon òdonans tribinal apre avi epi ou menm oswa nou menm te gen yon okazyon pou yo tande nou (antanke pwopriyete legal nan Dosye Pati 2 a), jan 42 CFR Pati 2 a prevwa sa. Yon òdonans tribinal ki otorize itilizasyon oswa pataj enfòmasyon sa yo dwe vini avèk yon asiyasyon pou konparèt oswa lòt egzijans jiridik ki fòse pataj la anvan nou itilize oswa pataje enfòmasyon yo mande yo.

BJC Health jere yon pwogram 42 CFR Pati 2. Lòt enfòmasyon ki gen pou wè ak Avi pou Pratik Konfidansyalite pwogram sa a disponib sou BJCBehavioralHealth.org.

Ki Lè Preferans Ou Yo Ap Gide Itilizasyon oswa Pataj Enfòmasyon yo

- Ànyè yon etablisman ka gen ladan l non konplè ou, kote w ye nan etablisman an, eta jeneral ou tankou pa mal, estab, elatriye, ak afilyasyon relijye ou (si w bay yo). Sof si ou di nou ou ta renmen limite enfòmasyon w yo nan ànyè yon etablisman, n ap mete w ladan l epi nou ka pataje enfòmasyon ki nan ànyè a avèk manm klèje yo oswa avèk moun ki mande pou ou selon non ou.
- Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo avèk yon manm fanmi, lòt fanmi, zanmi, oswa nenpòt lòt moun ou idantifye ki enplike nan swen ou oswa ki peye pou swen ou sof si ou di nou pa fè sa.

Itilizasyon ak Pataj ki Mandè Otorizasyon Alekri Ou

- Nou p ap pataje nòt sikoterapi yo san otorizasyon alekri ou sof si lalwa otorize oswa mande nou itilize ak pataje yo yon lòt mannyè.
- Nou p ap vann enfòmasyon medikal ou yo san otorizasyon alekri ou. Yo vann enfòmasyon medikal pwoteje w yo lè nou menm, oswa yon moun nou siyen kontra avèk li dirèkteman oswa endirèkteman, resevwa lajan pou li ka bay enfòmasyon medikal pwoteje w yo.
- Nou p ap ni itilize ni pataje enfòmasyon medikal pwoteje w yo pou zafè maketin san otorizasyon alekri ou. Definisyon maketin nan se lè w resevwa lajan nan men yon antite endepadan pou l kominike avèk ou konsènan yon pwodui oswa sèvis li ofri.

Pou sitiyaasyon nou jeneralman pa defini nan Avi nou an, n ap mande w otorizasyon ou alekri anvan nou itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou yo. Ou ka anile otorizasyon sa a, alekri, a nenpòt moman pou w anpeche nou pataje enfòmasyon medikal ou yo pi devan. Sepandan, ou p ap ka mande nou remèt ou enfòmasyon nou deja pataje yo ni anilasyon w lan p ap afekte okenn mezi nou te deja pran sou baz otorizasyon w lan. Mete sou sa, si nou te ranmase enfòmasyon nan kad yon etid rechèch, nou gen otorizasyon pou nou itilize ak pataje enfòmasyon sa yo nan mezi li nesèsè pou nou pwoteje entegrite etid rechèch la.

DWA OU GENYEN SOU ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO

Mandè Mete Limit sou Itilizasyon ak Pataj Kèk Enfòmasyon Medikal

Ou ka mande, alekri, mete yon limit sou fason nou itilize oswa pataje enfòmasyon medikal pwoteje ou yo pou tretman ou, pou peman sèvis swen sante nou yo, oswa pou aktivite ki gen pou wè ak aktivite swen sante nou yo. Epi tou, ou ka mande mete yon limit sou ki enfòmasyon medikal nou ka pataje avèk yon moun ki enplike nan swen ou, tankou yon fanmi oswa zanmi. Pou fè yon demann, tanpri gade enstriksyon yo nan fen Avi sa a.

Nou pa oblije aksepte demann ou an nan tout sikonstans. Mete sou sa, nenpòt limit nou ka apwouve p ap afekte okenn itilizasyon ni pataj lalwa mande oswa otorize nou fè. Nou dwe aksepte demann ou fè pou mete limit sou pataj enfòmasyon medikal ou yo avèk plan sante w la si lalwa pa mande fè pataj la epi enfòmasyon medikal ou vle nou limite yo gen rapò sèlman ak yon pwodui oswa sèvis swen sante ou (oswa yon moun ki pa plan sante w la, nan non ou) te peye nou pou li lajan kontan.

Mande Kominikasyon Konfidansyèl

Ou ka mande fè chanjman nan fason nou kominike avèk ou oswa kote nou ka kontakte ou. Fòk ou fè demann ou an alekri. Gade enfòmasyon pou pran kontak yo pi ba a. N ap reponn demann rezonab ou fè a, men lè n ap detèmine si demann ou an rezonab, nou ka konsidere difikilte administratif li ka ban nou.

Egzamine ak Jwenn Kopi Enfòmasyon Medikal Ou Yo

Ou ka mande pou w egzamine ak/oswa jwenn yon kopi enfòmasyon medikal ou yo. Fòk ou fè demann ou an alekri. Pou mande jwenn enfòmasyon medikal ou yo, tanpri gade enstriksyon yo nan fen Avi sa a.

Nou ka mande yon frè pou kopye oswa prepare yon rezime enfòmasyon medikal ou mande yo. N ap reponn demann ou fè pou jwenn enfòmasyon medikal yo nan espas 30 jou apre n fin resevwa demann ou an swa nan ba ou enfòmasyon ou mande yo, refize demann lan avèk yon eksplikasyon alekri pou refi a, swa nan fè w konnen nou bezwen plis tan pou n fin fè sa n ap fè ak demann ou an (pa egzanp, si enfòmasyon medikal ou yo pa aksesib tousuit oswa si nou konsève yo yon kote ki pa sou sit la).

Mande Fè yon Chanjman nan Enfòmasyon Medikal Ou yo

Ou ka mande, alekri, pou yo fè yon koreksyon oswa amandman nan enfòmasyon medikal ou yo si w panse yo pa kòrèk oswa yo pa konplè. Nou pa oblije aksepte demann ou an sof si lwa ki an vigè nan Eta a mande sa. Nan okenn sikonstans nou p ap efase ni siprime yon lòt manyè dokiman orijinal ki nan enfòmasyon medikal ou yo sof si ou mande sa selon lwa ki an vigè nan Eta a. Ou kapab jwenn enstriksyon sou fason pou fè yon demann amandman oswa koreksyon nan enfòmasyon medikal ou yo nan fen Avi sa a.

Mande yon Rapò sou Fason Yo Pataje Enfòmasyon Medikal Ou Yo

Ou ka mande, alekri, yon rapò sou fason nou te pataje kèk nan enfòmasyon medikal ou yo pandan sis lane anvan ou fè demann ou an. Selon lwa a, gen anpil nan enfòmasyon nòmal nou pataje ki pa bezwen nan rapò a, tankou sa nou pataje pou pran swen ou, pou peye sèvis medikal ou yo, oswa kote ou te bay otorizasyon ou alekri pou pataje yo.

Pou mande yon rapò, gade enfòmasyon pou pran kontak yo pi ba a. Jeneralman, n ap reponn demann ou an nan espas 60 jou apre nou fin resevwa li sof si nou bezwen plis tan. Ou gen dwa pou mande yon rapò pa ane.

RESPONSABLITE OU KONSÈNAN ENFÒMASYON MEDIKAL OU YO

Notifikasyon Apre Enfòmasyon Medikal Pwoteje ki Pa Sekirize Fin Pran Lari

Lalwa mande nou pou nou mete w okouran sizoka enfòmasyon medikal ou yo ta pran lari akòz yon erè nou te fè ki te afekte konfidansyalite oswa sekirite yo.

Fason pou Jwenn yon Avi pou Pratik Konfidansyalite Nou yo

Nou oblije ba ou Avi nou an pou eksplike ou ak enfòmasyon w sou Pratik Konfidansyalite nou yo. Menm si ou mande Avi sa a sou fòm elektwonik, ou ka mande yon kopi papye a nenpòt moman. Eitou, ou ka wè oswa jwenn yon kopi Avi sa a sou sitwèb nou yo: BJC.org/patients-visitors/patient-privacy, SaintLukesKC.org/patients-visitors/patient-privacy, and physicians.washu.edu/for-patients/for-your-protection/.

PLENT

Nou ouvè pou nou pale sou nenpòt enkyetid ou ka genyen konsènan konfidansyalite enfòmasyon medikal ou yo. Si ou panse nou pa respekte konfidansyalite enfòmasyon medikal ou yo, ou ka depoze yon plent bòkote moun ki mansyone nan Seksyon Kontak ki nan Avi sa a. Eitou, ou ka depoze yon plent bòkote Sekretè Depatman Sante ak

Sèvis Sosyal, Biwo Dwa Sivil Etazini an, lè w voye yon lèt nan adrès sa a 200 Independence Avenue, SW, Washington, DC 20201, rele nan 877-696-6775, oswa lè w ale nan lyen sa a [hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/index.html](https://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/index.html).

Nou p ap vanje kont ou poutèt ou depoze yon plent bòkote nou oswa nan Biwo Dwa Sivil la.

Dat li Kòmanse: 16 fevriye 2026

ENFÒMASYON POU PRAN KONTAK

Li enpòtan pou sonje ou dwe fè demann oswa plent yo nan lopital oswa biwo kote ou te gen kè kase pou vi prive w la. Yo p ap konsidere okenn demann ni plent ki fèt pou yon pwofesyonèl swen sante kòm yon demann oswa plent ki depoze bòkote okenn lòt pwofesyonèl swen sante yo vize oswa mansyone nan Avi Konjwen sa a.

Enfòmasyon pou Pran Kontak ak Lopital, Etablisman, epi Pwofesyonèl Swen Sante ki Afilye ak BJC Health yo:

• Pou poze kesyon sou Avi sa a, pou siyale enkyetid sou Pratik Konfidansyalite nou yo, oswa pou depoze yon plent konsènan Pratik Konfidansyalite lopital ak pwofesyonèl swen sante ki afilye ak BJC Health yo, tanpri kontakte Responsab Konfidansyalite a pa nenpòt mwayen ki anba a:

BJC Health — Responsab Konfidansyalite

4901 Forest Park Ave., Suite 1140

Mailstop: 90-75-571

St. Louis, MO 63108

314-362-4855

Imèl: compliance@bjc.org

Pou BJC HealthCare:

- **Pou gade oswa jwenn yon kopi enfòmasyon medikal ou yo** nan men yon lopital oswa pwofesyonèl swen sante ki afilye ak BJC HealthCare, ou ka rele nan 314-362-3935 oswa ale sou [BJC.org](https://www.bjc.org) epi kontakte sèvis dosye medikal etablisman kote yo konsève dosye medikal ou yo.
- **Pou w mande yon amandman oswa koreksyon nan enfòmasyon medikal ou yo** lopital ak pwofesyonèl swen sante ki afilye ak BJC HealthCare yo konsève, tanpri voye yon imèl nan adrès sa a enterprise_mpi_maintenance@bjc.org oswa rele nan 314-273-2468.
- **Pou mande mete yon limit sou fason** lopital ak pwofesyonèl swen sante ki afilye ak BJC HealthCare yo itilize enfòmasyon medikal ou yo, tanpri voye yon imèl nan adrès sa a HIM_DMOPS_ROI@bjc.org.
- **Pou mande yon rapò sou enfòmasyon** lopital ak pwofesyonèl swen sante ki afilye ak BJC HealthCare yo pataje, tanpri voye yon imèl nan adrès sa a disclosure_management_legal@bjc.org oswa rele nan 314-454-4997.

Pou Saint Luke:

- **Pou gade oswa jwenn yon kopi enfòmasyon medikal** ki soti nan yon lopital oswa nan men yon pwofesyonèl swen sante ki afilye ak Saint Luke, ou ka kontakte sèvis Dosye Medikal/Pataj Enfòmasyon an lè w voye yon imèl nan adrès sa a roi@saint-lukes.org, oswa lè w ale sou [saintlukeskc.org/medical-records](https://www.saintlukeskc.org/medical-records).
- **Pou mande fè yon amandman oswa koreksyon nan enfòmasyon medikal ou yo** lopital ak pwofesyonèl swen sante ki afilye ak Saint Luke yo konsève, tanpri ranpli epi soumèt fòm ou jwenn nan lyen sa a [saintlukeskc.org/medical-records](https://www.saintlukeskc.org/medical-records) epi soumèt li nan adrès sa a amendments@saintlukeskc.org.
- **Pou mande mete yon limit sou fason** lopital ak pwofesyonèl swen sante ki afilye ak Saint Luke yo itilize enfòmasyon medikal ou yo, tanpri kontakte sèvis Dosye Medikal la nan adrès sa a roi@saint-lukes.org.

- **Pou mande yon rapò sou enfòmasyon** lopital ak pwofesyonèl swen sante ki afilye ak Saint Luke yo pataje, tanpri kontakte sèvis Dosye Medikal la nan adrès sa a roi@saint-lukes.org.

Enfòmasyon pou Pran Kontak ak Washington University School of Medicine oswa Pwofesyonèl Swen Sante li yo:

- Pou poze kesyon sou Avi sa a, eksprime enkyetid sou Pratik Konfidansyalite nou yo, oswa pou depoze yon plent pou Washington University School of Medicine oswa pwofesyonèl swen sante li yo, ou ka kontakte Responsab Konfidansyalite a pa nenpòt mwayen ki anba a:

Washington University School of Medicine — Responsab Konfidansyalite

660 S. Euclid Ave.

MSC 8095-02-01

St. Louis, MO 63110

866-747-4975

Imèl: HIPAA@wustl.edu

- **Pou gade oswa jwenn yon kopi enfòmasyon medikal ou yo** nan men yon pwofesyonèl swen sante nan Washington University School of Medicine, tanpri suiv enstriksyon ki nan lyen sa a physicians.washu.edu/for-patients/medical-records-request/. Epitou, ou ka kontakte Sèvis Pataj Enfòmasyon Medikal Washington University a nan 314-273-0453.

- **Pou mande fè yon amandman oswa koreksyon** nan enfòmasyon medikal ou yo yon pwofesyonèl swen sante nan Washington University School of Medicine konsève, tanpri suiv enstriksyon ki nan lyen sa a physicians.washu.edu/for-patients/medical-records-request/ oswa kontakte sèvis Jesyon Enfòmasyon Medikal Washington University School of Medicine lan nan adrès sa a HIM@wustl.edu oswa nan nimewo telefòn sa a 314-273-1986.

- **Pou mande mete yon limit sou fason** yon pwofesyonèl swen sante nan Washington University School of Medicine itilize enfòmasyon medikal ou yo, tanpri kontakte Biwo Konfidansyalite HIPPA a nan Washington University School of Medicine nan 866-747-4975 oswa nan adrès imèl sa a HIPAA@wustl.edu.

- **Pou mande yon rapò sou enfòmasyon** yon pwofesyonèl swen sante nan Washington University School of Medicine pataje, tanpri kontakte Biwo Konfidansyalite HIPPA a nan Washington University School of Medicine nan 866-747-4975 oswa nan adrès imèl sa a HIPAA@wustl.edu.

ANTITE AVI SA A KONSÈNE YO DISPONIB NAN LYEN KI VINI ANNAPRE A:

[BJC.org/patients-visitors/patient-privacy](https://bjc.org/patients-visitors/patient-privacy)